

Amizman nan aprantisaj ete!

Chè Fanmi,

Ane sa a, nan salklas 3-K ak pre-K, timoun yo angaje nan divès eksperyans aprantisaj ki baze sou jwèt. Sa genyen ladan itilizasyon kò yo, divès kalite materyèl, liv ak konpitè, ansanm avèk manipilatif tankou blòk ak ti dinozò jwèt pou devlope yon baz solid nan aprantisaj pou debitan. Ou ka ede pitit ou a kontinye devlope kapasite li te devlope ane sa a epi ankouraje lanmou li genyen pou aprann lè nou fè aktivite ki pi ba yo ansanm. Aktivite sa yo se menm ak aktivite pitit ou a te konn fè nan lekòl la. Yo ka fèt ak divès jwèt oswa materyèl epi yo fè yo nan entansyon pou yo aktif ak amizan!

- **Konte pa.** Envite pitit ou a imajine konbyen pa l ap bezwen fè pou pou li rive yon kote presi tankou yon pòt. Apre li fin fè yon prediksyon, envite l mache pou rive kote presi sa a. Ede l konte pa yo si sa nesèsè. Èske kantite a ap menm si yon lòt moun mache an direksyon menm plas la? Kisa w ka fè pou chanje kantite pa ou pran pou rive nan pòt la? Ranplase yon lòt kote tankou fenèt, oswa pyebwa pou pòt la.
- **Pratike mezi** Mezire ak koupe yon moso fil oswa riban ki menm longè avèk bra pitit ou. Mande li pou chèche bagay ki gen menm longè avèk moso fil la , ansuit konpare fil la avèk chak bagay la. Èske bagay yo te pi kout/long/oswa menm longè avèk fil la? Konsidere w fè yon fil menm longè avèk pwòp bra w epi fè aktivite sa a avèk pitit ou, tou.
- **Jwenn diferan fòm** Gade fòm bagay bò kote w. Mande pitit ou pou jwenn ak konte kote ak ang yo epi di non fòm lan. Konbyen diferan fòm ou ka jwenn nan yon pwomnad atravè katye w la? Kreye yon kat (ki sanble ak yon kat bengo) oswa fè yon tibaton pou chak fòm ou wè.
- **Kenbe yon jounal ete.** Pale avèk pitit ou sou aktivite li fè chak jou. Nan fen jounen an pran kèk minit pou reflechi, itilize kesyon ouvè tankou, kisa ou te pi renmen? Poukisa? Èske te gen bagay difisil? Poukisa? Kòman sa te fè w santi w? Pran nòt sou panse pitit ou konsènan aktivite sa yo epi mande li pou ajoute foto nan jounal la tou.
- **Koleksyon.** Mande pitit ou pou konsève divès bagay tankou kouvèti bokal/kontènè, kokiyaj , wòch nan pak etc. pou kreye yon koleksyon. Eksplòre materyèl yo avèk pitit ou a epi itilize yo pou kreye patèn ak pratike triye ak konte. Make konbyen ki nan chak koleksyon.
- **Chas lèt.** Chèche lèt yo kote w abite ak nan anviwonman deyò. Pwente lèt sa yo pou pitit ou epi bay lèt sa yo atansyon espesyal sitou sa ki patikilyèman aplikab pou li tankou premye lèt nan non li ansanm avèk pwòch fanmi ak zanmi li. Ki tip liy ou wè nan lèt sa yo? Èske yo dwat oswa koube oswa toulede?

- **Jwe magazen** Rasanble bagay pou achte ak vann ak jwe wòl kesye ak kliyan. Diskite sa kliyan an ap achte ak poukisa, konbyen bagay y ap achte ansanm avèk pri bagay yo koute separeman epi tout ansanm.
- **Materyèl resikle.** Sere materyèl ou ka itilize ankò tankou bwat katon vid ak konntenè plastik pwòp pou fè plizyè kreyasyon avèk pitit ou. Konsidere w ap fè bilding nan katye lakay ou, machin, tren oswa lòt veyikil pitit ou renmen.
- **Istwa nimewo.** Fè pitit ou a desine yon foto oswa kreye yon sèn avèk bagay lakay ou oswa nan nati a, tankou yon sèn sou lakou a oswa lakay la. Ekri yon nimewo sou yon kat epi fè pitit ou rakonte yon istwa pou mete tout bagay sa yo sou sèn la. Fè istwa pi komik ak pasyonan lè kreye ak ajoute plis bagay. Paegzanp, "Mwen gen senk moun lakay mwen. De ap dòmi epi twa ap manje manje maten."
- **Plezi lesiv .** Fè pitit ou a ede w rasnble bagay ki mache ansanm pandan lesiv. Pale sou bagay ki mache an pè avan w pliye ak plase yo lòt kote.
- **Fèt dans.** Jwe mizik prefere w ak tann tou w pou kreye yon patèn dans. Anrichi patèn la pandan w ap kontinye. Paegzanp, kòmanse avèk pa, pa, sote, pa, pa, sote, pa, pa, sote. Ansuit ajoute yon sekwe pou pa, pa, sote, sekwe, pa, pa, sote, sekwe, pa, pa, sote, sekwe.